Іийса-пайхамар бен кІелхьарвоккхуш вац

Цо кlант вийр ву, ахь Цуьнан цlе lийса тилла, хlунда аьлча
Цо Шен халкъ къинойх кlелхьардоккхур ду». Матфея 1:21

Хlунда аьлча Далла дуьне оццул дезаделла, Цо Шен цхьаъ
бен воцу Кlант дlавелла, Цунах тешаш мел верг хlаллак ца
хилийта, хедар доцу дахар хилийтархьама». Яхьъян 3:16

lийсас элира цуьнга: «Со ву некъ а, бакъдерг а, дахар а».
Цхьа а стаг вогlуш вац шен дена тlе, Соьгахула воцург.
Яхьъян 14:6

Кхечуьнгахула кIелхьардовлар хир дац, хIунда аьлча стигал кIел адамашна елла кхин цIе яц вай кIелхьардаха». Делан Элчанаш 4:12

Уггаре а хьалха ас шуна дIакхачийнарг дара: Делан Йозанаш тIехь ма-аллара, Дала леррина Къобалвинарг вайн къиношна велла хилар. Иза дIавоьллина, кхоалгIачу дийнахь денвелла, Делан Йозанаш тIехь ма-аллара:
1 Коринфянам 15:3-4

Цуьнан цIийца вай паргIатдаьхна ду, Цуьнан доккхачу диканца вайн къиношна гечдина ду. Эфесянам 1:7

Вай дуьззина кхета дезаш долу диъ бакъдерг ду:

1. Далла дукха веза хьо.

Цунна лаьа хьуна Шеца стиглахь даима дахар хилийта.
ХIунда аьлча Далла дуьне оццул дезаделла, Цо Шен цхьаъ бен воцу КIант дIавелла, Цунах тешаш мел верг хIаллак ца хилийта, хедар доцу дахар хилийтархьама». Яхьъян 3:16

Цунна лаьа хьан Шеца алссам а, маьIне а дахар хилийта.
Къу лачкъо а, вен а, хIаллакдан а бен вогIуш вац. Царна дахар хилийта а, иза кхин а сов хилийта а веана Со. Яхьъян 10:10

Иза иштта делахь а, дукха адамашна маыІне дахар ца хуьлу, тешна а бац шайгахь абаден дахар хир дуйла, хІунда аьлча...

2. Адам шен Іаламца къинош долуш ду. Цундела ву иза Делах къаьстина.

Массара а къа латийна.
ХІунда аьлча массара а къинош латош ду, Делан сийлалле кхача а ца кхочу. Римлянам 3:23
ХІунда аьлча ахча дезар массо а вонийн орам бу... 1 Тимофею 6:10

Къинан ял Іожалла ю.
ХІунда аьлча къинан ял Іожалла ю... Римлянам 6:23

Библино билгалдаьккхина ши тайпа Іожалла:

• ДегІан Іожалла
Цкъа вала веза адамашна, цул тІаьхьа кхел хир ю аьлла: Іебархошка 9:27

• Синан Іожалла я жоьжахатехь Делах гуттаренна а дІакъастар
Ткъа кхерамечарна а, тешаш боцчарна а, дегазачарна а, адамаш дойуш болчарна а, эвхьазбеллачарна а, бозбунчалла лелочарна а, цІушна Іибадат деш болчарна а, массо а харцлуьйчарна а шайн дакъа догІур ду цІергахь а, кІуркІаманца а богучу Іам чохь. Откровение 21:8.

Адам шен къинош бахьанехь Делах къаьстина делахь, оцу проблемин чаккхе хӀун ю? Вайна дукха хьолахь хета, цунах дерг дӀадерзоран некъаш ду: дин, дика гӀуллакхаш, хаза гӀиллакхаш.

Амма Делера дерг цхьаъ бен дац.

3. Ӏийса-пайхамар цхьаъ бен воцу некъ бу стигала.

Иза Дала дӀахьедар ду.
Ӏийсас элира цуьнга: «Со ву некъ а, бакъдерг а, дахар а». Цхьа а стаг вогӀуш вац шен дена тӀе, Соьгахула воцург. Яхьъян 14:6

Цо вайн къиношна дуьззина таIзар дIаделла.
ХIунда аьлча Дала леррина Къобалвинарг къинош дIадаха цкъа лайна, нийса доцчу нехан дуьхьа, вай Далла тIе кхачорхьама, дегIаца вийна, амма Делан Сино дендина, 1 Петра 3:18
Цуьнан цIийца вай паргIатдаьхна ду, Цуьнан доккхачу диканца вайн къиношна гечдина ду. Эфесянам 1:7

Цо чIагIо йина хедар доцучу дахарх.
КIантах тешаш волчунна хедар доцу дахар хир ду. Амма Делан оьгIазло цунна тIехь лаьтташ ю. Яхьъян 3:36
ХIунда аьлча къинан ял Iожалла ю. Ткъа вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула, Делан совгIат – иза хедар доцу дахар ду. Римлянам 6:23

4. Вай Іийсах теша деза, вай кІелхьардаха.

Дала леррина къобалвинчу Іийсах тешарца Делан дика бахьана долуш вайн кІелхьардовлар ду. ХІунда аьлча Делан диканца кІелхьардаьхна шу. Иза шуьгара дац, Делан совгІат ду, шун гІуллакхех дина дац, цхьаммо а дозалла ца дайтархьама. Эфесянам 2:8—9

ХІунда аьлча Везачу Эле кхойкхуш верг кІелхьарвоккхур ву». Римлянам 10:13

Къинош летийначун доIа

Тешарца доIа де.
Веза Эла Iийса, Дела реза хуьлда хьуна со везарна. Ас мукIарло до, со къинош летийна хиларна, хьоьга гечдар доьху ас. Баркалла хьуна, сан дерриге а къинош дIадаха хьо жIарах дIатоьхна хиларна, дIавоьллина хиларна, денваларна. Со теша Хьох, сан Веза Эла а, КIелхьардохург а хиларх. Ас хьан совгIат тIеоьцу даима дахар, ас сайн дахар Хьоьга дIало. Хьайн дерриге а весеташ кхочушдан а, Хьо реза хилийта а гIо дехьа суна. Амин.

Нагахь санна хьо Дала леррина къобалвинчу Іийсах тешна хиллехь, хьуна хІара хилларг ду:

• ХІинца, хьан Делаца даима дахар ду.
Со Ваийтинчун лаам бу: Сан КІант гина, Цунах тешаш волчунна хедар доцу дахар хуьлийла, ткъа Ас иза тІаьххьарчу дийнахь денвийр ву». Яхьъян 6:40

• Хьан дерриге а къинош дІаделла, гечдина.
(дІадахана, карарчу хенахь, хиндолчух)
Ткъа Іийсас гуттаренна а къинош дІадаха цкъа сагІа доккхуш, Делан аьтту агІор охьахиира. Іебархошка 10:12

• Хьо Далла гергахь керла кхоллар ду. Иза хьан керлачу дахаран юьхь ю. Нагахь цхьаъ Дала леррина Къобалвинчуьнца велахь, иза керла кхоьллина стаг ву. Хьажал, дерриг а керла хилла дӀахӀоьттина. 2 Коринфянам 5:17

• Делан бер хилла дӀахӀоьттира хьо.
Амма Иза тӀеэцначарна Цо бакъо елира Делан бераш хила, Шен цӀарах тешаш болчарна: Иоанна 1:12

Дика гӀуллакхаш вай кӀелхьардовларан некъ бац, вай кӀелхьардовларан тоьшалла я стом бу.
ХӀунда аьлча Дала леррина къобалвинчу Ӏийсагахула вай кхоьллина ду, Дала хьалхе кечдина долу дика гӀуллакхаш кхочушдархьама. Эфесянам 2:10

Дала декъал войла хьо!